



## Yon “kout je rapid”

Dosye verite sa a fè yon kout je rapid sou karakteristik ki pi enpòtan nan Sekirite Sosyal, Revni Sekirite Sosyal Sipleman (Supplemental Security Income (SSI)) ak Pwogram Swen Medikal (Medicare). Ou kapab jwenn enfòmasyon ki pi dirèk sou pwogram sa yo lè w ale sou entènèt nan [www.ssa.gov](http://www.ssa.gov) oubyen si ou rele nimewo gratis, 1-800-772-1213, pou w mande pou lòt piblikasyon Sekirite Sosyal oubyen pou w mande pou w pale ak yon reprezantan Sekirite Sosyal.

### Nimewo Sekirite Sosyal la

Benefis ou pral resevwa nan men Sekirite Sosyal la, yo pral kalkile l' sou tout kòb ou te fè ki anrejistre sou nimewo Sekirite Sosyal ou. Kidonk, li enpòtan pou w toujou sèvi ak menm nimewo a. Epi tou, ou dwe asire w non ou sèvi nan travay ou a, se menm avèk non ki ekri sou kat Sekirite Sosyal ou a. Si w te janm chanje non w, ou dwe chanje non ki sou kat Sekirite Sosyal la tou. Sekirite Sosyal pa fè w peye pou sèvis sa a. Menm jèn timoun gen nimewo Sekirite Sosyal paske paran yo dwe montre nimewo yo sou fòm taks yo lè y ap ranpli yo, pou yo kapab reklame yo kòm depanndan.

### Peye Taks Sekirite Sosyal

Si w ap travay pou yon lòt moun, Moun ki anplwaye la retire taks Sekirite Sosyal ak Swen Medical (Medicare) sou chèk ou, fè rapò montan kòb sa a, voye taks sa yo bay Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) e rapòte kòb ou touche bay Sekirite Sosyal. Ou peye yon to ki egal ak konbinezon kontribisyon anplwaye/anplwayè, men gen kèk dediksyon espesyal ou kapab pran ki konpanse to taks ou.

### Genyen “Kredi” Sekirite Sosyal

Pandan w ap travay epi w ap peye taks, ou genyen “kredi” ki vin konte pou kapab elijib pou resevwa benefis Sekirite Sosyal nan lavni. Ou kapab genyen yon maksimòm kat (4) kredi chak ane. Pi fò moun bezwen 40 kredi (10 ane travay) pou w kalifye tèt ou pou benefis. Moun ki pi jèn bezwen pi piti kredi pou yo kalifye pou benefis pou moun ki andikap e pou sivivan.

### Kalkile Benefis Sekirite Sosyal

Benefis Sekirite Sosyal ou se yon pousantaj mwayèn kòb ou fè sou tout tan ou fè w ap travay. Sekirite Sosyal pa t' kreye pou li te vini sèl sous revni w lè w retirete oubyen ou vin andikap, oubyen sèl sous revni fanmi w si w mouri. Li te fèt ak entansyon pou li vin yon revni sipleman bò kote plan pansyon, epay, envestisman, ekt. Travayè k'ap travay pou yon ti kraz resevwa yon to ki pi wo pase sa yo ki touche gwo kòb, men yon travayè ki gen yon revni mwayèn kapab espere yon benefis retrèt ki gen yon revni mwayèn kòb li antre pandan lavi li. Pou w jwenn yon estimasyon gratis benefis retrèt, andikap ak sivivan y'ap peye w oubyen fanmi w, rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213.

### Benefis Sekirite Sosyal

Ou peye pou senk gran kategori benefis lè w peye taks Sekirite Sosyal ou: retrèt, andikap, benefis fanmi, sivivan epi swen medikal. (Benefis SSI, ki pa jween finansman l' nan taks Sekirite Sosyal yo, sa diskite nan yon lòt seksyon.)

#### Retrèt

Yo peye benefis yo lè w gen laj total retrèt ou (avèk posibilite pou w resevwa benefis redui depi laj 62 zan) pou nenpòt moun ki gen ase kredi Sekirite Sosyal. Laj konplè pou retrèt se 65 an pou moun ki te fèt anvan 1938. Laj la ogmante gradyèlman jiskaske li rive laj 67 an pou moun ki fèt an 1960 oubyen pi ta. Moun ki ranvwaye retrèt yo pou plis pase laj retrèt konplè yo gen yon kredi espesyal pou chak mwa yo pa resevwa yon benefis jiskaske yo rive laj 70 zan.

#### Andikap

Yo peye benefis nan nenpòt ki laj bay moun ki gen ase kredi Sekirite Sosyal epi ki gen yon maladi fizik oubyen mantal grav yo espere ki ka anpeche moun nan fè “bon jan” travay pou yon ane ou plis oubyen ki gen yon kondisyon yo espere ki kapab koze lanmò. Jeneralman, si w touche \$740 ou plis pa mwa yo konsidere sa tankou yon bon jan travay. Pwogram andikap a gen ladan kèk ankourajman pou fè tranzisyon pou tounen travay pi fasil, sa genyen ladan benefis k'ap kontinye e kouvèti swen lasante pandan yon moun ap eseye tounen travay.

### *Benefis fanmi*

Si w elijib pou benefis retrèt oubyen andikap, lòt manm nan fanmi w kapab resevwa benefis tou. Nan moun sa yo nou jwenn mari oubyen madanm ou si li genyen omwen 62 zan, oubyen li gen mwens men l'ap pran swen yon timoun ki gen pi piti pase 16 zan; e pitit ou yo si yo pa marye e yo gen pi piti pase 18 an, pi piti pase 19 an men yo toujou lekòl oubyen yo gen 18 an ou plis men yo andikape. Si w divòse, ansyen mari w oubyen madanm ou kapab elijib pou resevwa benefis sou dosye w.

### *Sivivan*

Lè w mouri, kèk manm nan fanmi w kapab elijib pou benefis, si ou genyen ase kredi Sekirite Sosyal pandan w t'ap travay. Nan manm fanmi yo nou jwenn: yon vèf oubyen yon vèf ki genyen 60 an ou plis, 50 an pou plis si li andikape oubyen nenpòt laj si l'ap pran swen yon timoun ki gen pi piti pase 16 an; E pitit ou yo si yo pa marye e yo gen pi piti pase 18 an, mwens pase 19 an men toujou ale lekòl oubyen ki gen 18 an ou plis men ki andikape e paran w si w te sous prensipal sipò yo. Yo kapab peye mari w oubyen madanm ou, oubyen timoun minè w yo yon sèl peyman espesyal \$255 lè w mouri. Si w divòse, ansyen madanm oubyen mari w kapab elijib pou resevwa benefis kòm vèf oubyen vèf sou dosye w.

### **Swen Medikal (Medicare)**

---

Genyen de pati nan swen medikal la (Medicare): Asirans Lopital (pafwa yo rele li "Pati A") epi asirans medikal (pafwa yo rele li "pati B"). Jeneralman, moun ki gen plis pase 65 an e ki gen Sekirite Sosyal kalifye otomatikman pou resevwa swen medikal (Medicare). Se konsa li ye tou pou moun ki te fè de zan ap resevwa benefis andikape. Lòt moun dwe ranpli yon aplikasyon. Se yon pòsyon taks Sekirite Sosyal moun ki toujou ap travay ki peye pou pati A a. Li ede peye pou pran swen pasyan ki nan lopital, swen enfimiyè ki kalifye bay ak lòt sèvis. Se ak lajan moun ki anwole yo peye chak mwa sou kòb yo dwe a e ak revni jeneral yo rive peye pou pati B a. Li ede peye pou kèk bagay tankou kòb yo peye doktè, malad ki fè vizit nan lopital men ki pa rete lopital la, e lòt sèvis medikal ak apwovizyonman.

### **Benefis Siplemanntè Sou Revni Sekirite Sosyal**

---

Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè (SSI) peye moun ki antre yon ti kraz kòb oubyen ki gen yon ti kras byen. Pou w gen Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè, ou dwe gen 65 an ou plis oubyen ou andikape. Timoun menm jan ak granmoun kalifye pou yo resevwa peyman pou andikape ki soti nan Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè. Menm jan non li fè nou konnen, Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè "mete yon bagay siplemanntè sou" revni w nan plizyè nivo – toudepan ki kote w ap viv.

Gouvènman federal la peye yon to bazik e kèk eta ajoute lajan sou montan sa a. Tcheke ak biwo Sekirite Sosyal nan lokalite w la pou konnen Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè nan eta w la. Jeneralman, moun ki gen Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè (SSI) kalifye tou pou Èd Medikal (Medicaid), kupon alimantè ak lòt asistans. Benefis Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè a *pa sòti* nan fon testamantè e li pa baze sou kòb ou te antre dantan. Olyedsa, benefis Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè yo, se revni taks jeneral ki finanse li e ki asire yon revni pamwa minimòm pou granmoun ak andikape.

### **Kilè e Kijan pou w aplike pou Sekirite Sosyal oubyen Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè**

---

Ou dwe aplike pou Sekirite Sosyal oubyen Revni Sekirite Sosyal Siplemanntè pou andikap lè ou vin twò andikape pou w travay e pou benefis sivivan lè yon poto mitan nan fanmi an mouri. Lè w ap panse sou kesyon retrèt, ou dwe pale ak yon reprezantan Sekirite Sosyal nan ane ki vin anvan ane ou planifye pou w retirete a. Sa kapab nan avantaj ou pou w kòmanse benefis retrèt ou anvan menm ou sispann travay.

Pou w aplike pou benefis, jwenn enfòmasyon oubyen pale ak yon reprezantan Sekirite Sosyal, rele nimewo gratis nou an- 1-800-772-1213. Ou kapab itilize nimewo sa a tou pou w pran yon randevou pou w vizite biwo Sekirite Sosyal ki nan lokalite w la. Liy nou yo pi okipe bonè nan semèn nan epi bonè nan mwa a, donk, si zafè w la kapab tann, li pi bon pou w rele yon lòt lè.

Lè w aplike pou benefis, ou dwe depoze dokiman ki montre ou elijib, tankou batistè chak moun k'ap aplike pou benefis la, yon ak maryaj si mari w oubyen madanm ou ap aplike epi dènye fòm W-2 (oubyen fòm taks si w travay ak tèt ou).

Administrasyon Sekirite Sosyal la trete tout apèl avèk konfidansyalite- kèlkeswa yo fèt sou telefòn gratis nou yo, oubyen nan youn nan biwo lokal nou yo. Epi tou nou vle asire nou ou resevwa enfòmasyon egzak epi sèvis ak koutwazi. Se poutèt sa nou genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal k'ap siveye apèl k'ap antre ak apèl k'ap soti.

**Social Security Administration  
A Snapshot (Haitian-Creole)  
SSA Publication No. 05-10006  
January 2001**